ISSN: 2782-4365

Моя профессиональная карьера

Научно-образовательный электронный журнал

# ОБРАЗОВАНИЕ И НАУКА В XXI ВЕКЕ

Выпуск №38 (том 2)
(май, 2023)

Международный научно-образовательный

электронный журнал

«ОБРАЗОВАНИЕ И НАУКА В XXI ВЕКЕ»

ISSN 2782-4365

УДК 37

ББК 94

**Международный научно-образовательный электронный журнал «ОБРАЗОВАНИЕ И НАУКА В XXI ВЕКЕ». Выпуск №38 (том 2) (май, 2023).**

Сборник содержит научные статьи отечественных и зарубежных авторов по экономическим, техническим, философским, юридическим и другим наукам.

Миссия научно-образовательного электронного журнала «ОБРАЗОВАНИЕ И НАУКА В XXI ВЕКЕ» состоит в поддержке интереса читателей к оригинальным исследованиям и инновационным подходам в различных тематических направлениях, которые способствуют распространению лучшей отечественной и зарубежной практики в интернет пространстве.

Целевая аудитория журнала охватывает работников сферы образования (воспитателей, педагогов, учителей, руководителей кружков) и школьников, интересующихся вопросами, освещаемыми в журнале.

Материалы публикуются в авторской редакции. За соблюдение законов об интеллектуальной собственности и за содержание статей ответственность несут авторы статей. Мнение редакции может не совпадать с мнением авторов статей. При использовании и заимствовании материалов ссылка на издание обязательна.

© ООО «МОЯ ПРОФЕССИОНАЛЬНАЯ КАРЬЕРА»

© Коллектив авторов

**РЕДАКЦИОННАЯ КОЛЛЕГИЯ:**

Пестерев С.В. – гл. редактор, отв. за выпуск

| | |
|---|---|
| Артикова Мухайохон Ботиралиевна | доктор педагогических наук, доцент |
| Батурин Сергей Петрович | кандидат исторических наук, доцент |
| Бекжанова Айнура Мархабаевна | доктор философии по педагогическим наукам (PhD) |
| Боброва Людмила Владимировна | кандидат технических наук, доцент |
| Богданова Татьяна Владимировна | кандидат филологических наук, доцент |
| Демьянова Людмила Михайловна | кандидат медицинских наук, доцент |
| Еремеева Людмила Эмировна | кандидат технических наук, доцент |
| Засядько Константин Иванович | доктор медицинских наук, профессор |
| Колесников Олег Михайлович | кандидат физико-математических наук, доцент |
| Коробейникова Екатерина Викторовна | кандидат экономических наук, доцент |
| Ланцева Татьяна Георгиевна | кандидат экономических наук, доцент |
| Нобель Артем Робертович | кандидат юридических наук, доцент |
| Ноздрина Наталья Александровна | кандидат педагогических наук, доцент |
| Павлов Евгений Владимирович | кандидат исторических наук, доцент |
| Петрова Юлия Валентиновна | кандидат биологических наук, доцент |
| Попов Сергей Викторович | доктор юридических наук, профессор |
| Табашникова Ольга Львовна | кандидат экономических наук, доцент |
| Тюрин Александр Николаевич | кандидат географических наук, доцент |
| Уразова Лариса Карамовна | кандидат исторических наук, доцент |
| Усубалиева Айнура Абдыжапаровна | кандидат социологических наук, доцент |
| Фаттахова Ольга Михайловна | кандидат технических наук, доцент |
| Худайкулов Хол Джумаевич | доктор педагогических наук |

**УДК.90-213(2023)**

# ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛЫҚ ҚОСЫҚЛАРЫ ТИЙКАРЫНДА ЖАСЛАРДЫ ТӘРБИЯЛАЎ

***Қуденов Руслан***

*Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

*Музыка тәлими ҳәм көркем өнер бөлиминиң 2 курс магистранты*

# QORAQALPOQ XALQ QO’SHIQLARI ASOSIDA YOSHLARNI TARBIYALASH

***QUDENOV Ruslan***

*Nukus davlat pedagogika instituti*

*Musiqiy ta’lim va san’at bo’limining 2 kurs magistranti*

# ВОСПИТАНИЕ МОЛОДЕЖИ НА ОСНОВЕ НАРОДНЫХ ПЕСЕН

***КУДЕНОВ Руслан***

*Нукусский государственный педагогический институт*

*магистрант 2 курса отдела Музыкального образования и искусства*

# EDUCATION OF YOUTH ON THE BASIS OF FOLK SONGS

***KUDENOV Ruslan***

*Nukus State Pedagogical Institute*

*2nd year master student of the Department of Music Education and Art*

***Annotaciya.*** *Xalq qo'shiqlari xalqning turmush tirikshiligi bilan birgalikda aloqasip rivojlanib kelgan. Ular har xil to'y -tomoshalarda, gashtaklarda ijro etilgan. Bir ovulda jirov, baxshi, qissaxonlar kelsa olisda -yaqin qishloqlardan odam qolmay qurga yig'ilgan. Yig'ilgan jamoa milliy asarlarimiz bo'lgan dostonlarimizdi, xalq ashulalari bilan taronalarımızdı uyıp o'tırıp tinglaydigan bo'lgan. Mana shunday madaniy dam olishlar shu vaqtdagi xalq turmushida katta tarbiya maktabi bo'lishi bilan birga, ularga ma'naviy boylik inám etgan.*

***Ka'lit so'zlar***. *Musiqa, xalq qo'shiqlar, an'anaviy, bayramlar, milliy asarlar, jirov, baxshi, qissaxonlar.*

***Аннотация.*** *Народные песни сложились в связи с образом жизни людей. Их исполняли на различных свадебных представлениях и вечеринках. Когда в один хутор приезжают жиров, бахсы, қыссаханы, издалека съезжаются люди из дальних и ближних аулов. Собравшаяся общественность слушала наши национальные эпосы, народные песни и мелодии. В то же время такие культурные праздники были большой школой воспитания в жизни народа того времени, наделялись духовным богатством.*

***Ключевые слова.*** *Музыка, народные песни, традиционные, праздники, народные произведения, жиров, бахши, рассказы.*

***Annotation.*** *Folk songs have developed in connection with people's lifestyle. They were performed at various wedding performances and parties. When the bailiff, bakhsh, and squires come to one farm, people from far and near villages gather to dry land. The assembled community listened to our national epics, folk songs and taronas. At the same time, such cultural holidays were a great school of education in the life of the people at that time, and they were endowed with spiritual wealth.*

***Key words.*** *Music, folk songs, traditional, holidays, national works, jirov, bakhshi, short stories.*

Қарақалпақ халық музыка көркем-өнеринде қосық жанры үлкен орынды ийелейди. Халық қосықларының тийкары узақ өтмишке барып тақалады.

Себеби қосықлардың пайда болыўы ҳәм жанға жағымлы нама ырғақларының естетикалық бай мазмунға ийе болыўы бул өз-өзинен пайда болмаған. Халық өзиниң басынан өткерген ҳәр қыйлы тарийхый ўақыяларға бай турмысын, руўхый кеўил кеширмелерин ҳәм психологиясын қосықлар арқалы сәўлелендирген. Адамлардың ҳәр тәреплеме естетикалық заўыққа бөлениўине қосықтың тәсири оғада күшли болған. Әпиўайы ҳәм жайдары сөзлерден қуралған қосықлар барлық ўақытта адамның өмирге, гөззаллыққа деген сүйиўшилигин арттырып, өзиниң ең жақсы идеялары менен халыққа тәрбиялап келеди.

Бундай қосықлар Ўатанды қәдирлеўге шақырады, мийнетке деген сүйиспеншиликти арттырады ҳәм жүреклерде муҳаббат сезимлерин оятады. Себеби қосық ҳәм саз арқалы инсан қуўанышын, шадлығын, қайғысын, арзыў-әрманларын, ишки сезимлерин, дебдиўлерин шығара алған. Қосық адамды сыйқырлап алатуғын күшке ийе екенлиги ҳәммеге белгили. Сонлықтан да сөз бенен жеткере алмаған нәзик ойларын саз арқалы жеткерген. [1.Б.89]

Халық қосықлары халықтың турмыс тиришилиги менен биргеликте тығыз байланысып раўажланып келген. Олар ҳәр қыйлы той-тамашаларда, гештеклерде атқарылған. Бир аўылға жыраў, бақсы, қыссаханлар келсе алыс-жақын аўыллардан адам қалмай қурға жыйналған. Жыйналған жәмәәт миллий дөретпелеримиз болған дәстанларымызды, халық қосықлары менен намаларымызды уйып отырып тыңлайтуғын болған. Мине усындай мәдений дем алыслар сол ўақыттағы халық турмысында үлкен тәрбия мектеби болыў менен бирге, оларға руўхый байлық инәм еткен.

Халық дөретпелериниң ҳәммеси аўызеки түрде әўладтан-әўладқа, атадан-балаға, алыс-алыс аўыллардан излеп келип устаз-шәкирт түсиў жолы менен бизиң заманымызға шекем жетип келген. Музыка мийрасының дөретиўшилери, сақлаўшылары, қосықшылар, сазенделер ҳәм де басқада халық дөретиўшилериниң ўәкиллери әсирлер бойы халықтың көркем-өнер мийрасын есинде сақлап келген. Халық арасында музыка өнерине деген қызығыўшылық

жүдә күшли болғанлығы себепли, музыка мәденияты жақсы раўажланып келген. [2.Б.115]

Халықта ҳәр қыйлы дәрежедеги талант ийелериниң дөретпелериниң ишинде халық жүрегинен орын ийелеген шығармаларының ең ҳасыллары сақланып, усы күнге шекем жетип, бүгинги атқарыўшылардың репертуарларында тийкарғы орынларды ийелеп келмекте. Себеби бул дөретпелерде идеялық мазмуны жағынан халықтың ақыл-ойы, арзыў-әрманлары, келешекке болған умтылыслары сәўлеленген. Соның менен бирге халық қосықлары халықтың тарийх айнасы болып, миллетимиздиң өзлигин аңлатып турады.

Қарақалпақ халқының көркем-өнери әлўан түрли қосықларға ҳәм ҳәр қыйлы аўызеки дөретпелерине оғада бай болғанлықтан, көп жыллар даўамында бийбаҳа байлықларға ийе болған халықтың турмыс тәризинен келип шыққан кеўил кеширмелерин билдириў менен бирге терең тарийхый дереклерге ийе. Себеби халықтың басынан өткенлери халық қосықларында жарқын көринислерин тапқан.

Қосықларда әпиўайы халықтың турмыс ҳақыйқатлығы анық көринеди. Аўыр дәўир ўақтында дөрелген бундай ҳасыл дөретпелер өзиниң қунын усы күнге шекем жоғалтпаған. Халық өз қосықларына ҳүрмет пенен қараған ҳәм қәдирлеп сақлай билген. Ата-бабаларымызға рууҳый мәдет бағышлаған аўызеки халық дөретпелериниң есап-саны жоқ. [3.Б.97]

Қарақалпақ халық қосықлары музыкасының жанрлық өзгешелиги менен көп түрлиликке ийе. Музыкалық жанры жағынан ҳәр тәреплемелиги менен тығыз байланыста болып раўажланып келиўи, қосықлардың тематикасының ҳәр қыйлы болыўына байланыслы болады. Қосықтың поетикалық текстиниң мазмунына қарай нама дөретиледи ҳәм бундай биригиў арқалы қосық шығармалары пайда болады. Қосықта нама менен текст бирдей салмаққа ийе, ҳәмде олар бир мақсетти орынлаўға қаратылған. Ҳәр бир халық қосықларында өз ара тығыз байланыста болған нама дүзилиси менен поетикалық текст қатарлары ҳәр дайым бирин-бири толықтырып келгенлиги арқалы қунлы

(күшли) қосықлар пайда болады. Намадағы фразалар тексттеги сөз қатарлары менен ушласыўы нәтийжесинде мелодиялық цезура пайда болады. Халқымыздың «Қуры сөз қулаққа жақпас», - деген гәпи намасыз қосықтағы сөз ядта сақланып қалмайды. Қарақалпақ қосық қурылысында тақмақ формасы болмагәнлығы себепли айтым қосықлар кеңнен таралған. Бул қосықларды атқарыўшылар ядда сақлаў ушын ҳәм оны халыққа инәм етиў ушын намаға салып айтқан, демек, қосық намасы менен айтылса ол умытылмайды екен.

Қосықлар көп түрли болғанлығы себепли оларды намасына, текст қатарларына ҳәм характерине қарай бөлиўди музыка изертлеўшилери макул көрди. Бундай изертлеў жумысы қарақалпақ халық намаларын музыкалық жақтан талықлаў жумысында өзбек музыка изертлеўшиси И.Акбаров өзиниң «Қарақалпақ халық намалары» топламында бир қатар пикирлерди билдиреди. «Қосықлар» ҳәм «дәстанлар» деп ол қарақалпақ намаларын еки топарға бөледи. Соның менен бирге бул намалардың өзгешелиги ҳаққында ондағы наманы айрықша етип турған мелизмлер, ритмикалы сүўрети, лады ҳәм бул намалардың басқа да туўысқан халықлар музыкасы менен байланысы ҳаққында музыка талықлаўына зәрүр болған бир неше анықлама киргизип баҳалы пикирлерди айтып өткен. [4.Б.218]

Қарақалпақ намалары көбинесе қурамалы формада, кең диапозонда, ҳәр тәреплеме раўажланып, ырғақлары миллий колоритине сай болып келеди.

Қарақалпақ халық қосықлары бир неше түрлерге бөлинеди. Лирикалық, епикалық, тарийхый, социаллық қарсылық көрсетиў, ойын-күлки ҳәм сазлар деп В.Шафранников «Каракалпакские народные песни» топламында халық намаларын бөлген.

Бул қосық топламында изертлеўши В.Шафранников қарақалпақ намаларының көп қырлы болғанлығы, оның колоритиниң рең-береңлиги ҳәмде ҳәр қыйлы характерге бай болғанлығын есапқа алып, қосық қатарларына қарағанда намаларға көбирек итибар берип, оны өзи ислеп шыққан системаға туўры жайластырыўға ҳәрекет еткен.

Жəне де шығыс халқының музыкаларын изертлеўши белгили рус илимпазы профессор В.Беляев өзиниң илимий изертлеў жумысында өзбек ҳəм түркмен халық музыкаларының қарақалпақ музыкасы арасындағы жақынлығы ҳаққында пикирлер билдиреди. Ол усындай жақынлықларды айтып өтиў менен бирге қарақалпақ халық  намаларының оргиналлығына, миллий белгилерине ең тийкарғы дыққатын аўдарады. Мысалы, фригий ладында интонацияның көп болыўы, арттырылған секунда интервалының кем қолланылыўы ҳəм тағы басқа да өзине тəн өзгешеликлердиң бар екенлигин атап өткен.

Қарақалпақ музыкасында атқарыўшыларды бақсы, жыраў, сазенде, қыссахан,қосықшы деп бөлген. Соларға қарай олардың атқаратуғын қосықларын жанрларға айырып, соған қарай халық қосықлары ҳəм қарақалпақ халық композиторларының шығармалары деп еки ири топарға бөлген. Қарақалпақ фолклорындағы мийрасларымызда қарақалпақ халық қосықлары үлкен, айрықша орынды ийелейди. Олар көп тармақлы болып: мийнетти жырлаўшы, тарийхый ўақыяларға байланыслы, Ўатан, тəбият гөззаллықларын тəрийплеўши мазмун-мағанаға ийе. [5.Б.82]

Солардың қатарында дəстүр-салт қосықлары болып, оларға бесик жыры, ҳəўжар, ярамазан, жоқлаў, сыңсыў ҳəм қарақалпақ халық дөретиўшилигинде кең таралған түрлериниң бири айтыслар, адамның кеўил сезимлерин образлы сүўретлеп беретуғын муҳаббат қосықлары, қызлар қосықлары соның менен бирге динге байланыслы айтымлар бəдик, гүлапсан түрлери сөзимиздиң айқын дəлийли бола алады. Халық қосықлары адамлардың жасаў турмысынан, ислеген исинен ҳəмде сол елдиң тарийхына мүражат етип алынған сөз қатарларынан болғанлығы ушын бул қосықларды ҳəр бир қосық шайдасы атқарыўына ҳақлы. Солай етип, қарақалпақ халық музыкасы атқарыўшылардың бөлиниўине ҳəм шығарманың спецификалық өзгешелигине қарай анықланады. Қарақалпақ халық қосықларының түрлери оғада көп. Олар кең көлемде болып score наманың əпиўайылығы, қурамалылығы, оның формасы, жəне де атқарыўшылық усылы жағынан еки ири топарға: тар диапозонлы қосықлар ҳəм кең диапозонлы қосықлар болып бөлинеди.

Қарақалпақ халық қосықларының ишинде айырым қосықлар тексти жағынан жүдә әпиўайы болып ҳәм олардың қосық қатарлары үш цезурадан қурылған. Олардың нама дүзилиси жүдә әпиўайы, қысқа түрде кварта, квинта ҳәм сийрегирек секста интерваллардан ибарат болып, тар диапозонлы қосық топарына киреди. [6.Б.21]

Сөз қатарлары қысқа болғанлығы себепли намасы да киширек көлемдеги фразалар менен бир-еки қатарға жазылып бир куплетти қурайды, кейинги куплетлерге сол нама тәкирарланады. Қыссахан жолында айтылатуғын қосықлардай болып ҳәр бир буўынға бир сес туўра келеди, лекин тексттиң анық мазмунын нама арқалы баянлап оны байытып барады. Поетикалық текст қатарлары қосықтың мелодиялық қатарларына тең бөлеклерге бөлинип, халық қосықларында бир неше қатардың белгили уйқасўқта тәкирарланатуғын қосық түрлери көп ушырасады. Мәселен, «Пашшайы көйлек» қосығын алсақ:

## Пашшайы көйлегим




Бул халық қосығының намасы қосықтың еки қатарына ғана жазылып, намасы жүдә әпиўайы болып келген ҳәм киши тар диапозонда жазылған. Бул жерде қосықтың басында нама аралығы терция интервалында болып, ол әсте

ақырын квинта интервалына шекем раўажланып кеңейип келеди. Қосықтың намасы әпиўайы болып, тар диапозонда жазылыўына қарамастан, көркемлик ҳәм атқарыў техникасы жағынан даўысқа қолайлы болып, тексттеги мазмунды терең емоциялар арқалы кең түрде ашып берген. Бул қосық фригий ладында жазылыпол қосықтың улыўма характерине сай келген. [7. Б.66]

Бундай топардағы қосықларға ҳәр қыйлы характерге ийе болған қосық түрлери киреди. Мәселен, салт-дәстүр қосықлары, мийнет сүйиўшилик қосықлары, муҳаббат ҳаққында лирикалық қосықлар, айырым қызлар қосықлары, динге байланыслы қосықлар ҳәм қыссаханның намалары**.**

Пайдаланған әдебиятлар


1. А.Халимов «Қарақалпақ халық қосықлары» 1958 ж.
2. А.Надирова “Қарақалпақ музыка тарийхы” 2019 жыл
3. К.Асқаров «Бақсы жыраў тийкарлары»-пәнинен лексия тексти 1999 ж.
4. Қ.Айымбетов «Халық даналығы» 1966 ж.
5. Қ.Махсетов «Қарақалапқ жыраў, бақсылары» 1983 ж.
6. Қ.Махсетов «Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар» 1992 ж.
7. Т.Адамбаева «Қарақалпақ музыкасы тарийхынан» 1985 ж.